


La Bib pou ti moun
prézanté

Karant
ane



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.





Lè Bondye te libere Izrayelit yo anba peyi Lejip, Moyiz te dirije pèp la nan louwanj. Li te konpoze yon chante adorasyon. "Mwen vle chante pou Letènèl, paske li te triyonfe avèk glwa." Moyiz te konn chante pou tout gwo bagay Bondye te fè pou Izrayèl.






Aprè twa jou nan dezè a, pèp la ki
te swaf te jwenn yon ma dlo, men
yo pa te kapab bwè ladan li dlo a te
anmè. Olye yo te priye, pèp la t
ape plenyen. Bondye te genyen
anpil bonte.

Li te transfòme dlo a fè
li tounen dlo potab.






Sanble pèp la t ap plenyen pou tout bagay. "Nou te gen manje nan peyi Lejip. Nan dezè a, n ap mouri grangou," yo t ap kriye. Nan demen maten, Bondye te voye pou yo kèk zwazo ki rele kay. Pèp la te kenbe yo byen fasil.




Nan denmen maten annapre a, Bondye te voye lamàn
ba yo. Se te yon kalite pen ki te gen gou gato myèl.

Chak maten, lamàn nan te
atè a, pare pou yo
ranmase li. Nan fason sa
a, Bondye te bay pèp li a


manje nan dezè a.



Yo te oblije fè Bondye konfyans chak jou pou yo te kapab jwenn manje. Genyen kèk nan yo ki te ranmase twòp lamàn, menm si Bondye te di l ap pouri pandan lannuit lan.




Li te klè lamàn yè a t apral plen vè, esepite jou saba a. Nan setyèm jou espesyal sa a, pèp la te repoze l epi li te manje lamàn jou anvan an.



Bondye t
ape veye sou
Izrayelit yo nan
dezè a. Li te ba yo
manje ak dlo epi li te
pwoteje yo kont lènmi yo.


Lè Amalèk (amelesit)
yo te atake, Izrayèl te
gen kontwòl batay la
depi Moyiz te kenbe
baton Bondye a anlè
byen wo.





Bondye te di Izrayelit yo : "Si nou koute vwa mwen, n ap rete pèp chwazi mwen an." "Tout sa Bondye di, n ap fè li," yo te di Moyiz. Yo te rive nan pye mòn Sinayi a epi yo te rete ap tann pandan Moyiz t ap ral rankontre ak Bondye.





Moyiz te sou
mòn nan avèk
Bondye
pandan karant
jou. Bondye
te ekri Dis
Kòmandman yo
sou de tablèt
wòch. Li te di
Moyiz kijan li
te vle pèp la
viv.



1. Ou pa dwe
genyen lòt
bondye sou
mwen.

2. Ou pa dwe
mete ajenou
devan zidòl
(imaj).

3. Ou pa dwe
site non Letènèl
pou (w fè jwèt)
granmesi.

4. Sonje jou repo
a, se pou li rete
yon jou ki sen.

5. Onore papa w
ak manman ou.



6. Ou pa dwe
touye moun.


7. Ou pa dwe
fè adiltè.

8. Ou pa dwe
vòlè.

9. Ou pa dwe
bay manti.


10. Ou pa dwe
genyen lanbisyon
sou (konvwate)
sa ki pa pou ou.





Pandan Moyiz te avèk
Bondye sou Mòn Sinayi
a, Izrayelit yo te fè yon
bagay grav. Yo te bay
Arawon lòd pou li fè yon
ti bèf an lò, pou yo te
adore kòm Bondye yo.
Bondye te fache anpil,
epi Moyiz te fache tou.







Lè Moyiz te wè pèp la ki
t ap danse devan ti bèf
la, li te kraze tablèt
wòch yo atè a. Apre sa,
li te detwi zidòl an lò a.
Li te touye move moun
yo ki t ap adore zidòl la.



Bondye te ranplase de
tablèt wòch yo. Li te di
Moyiz pou l bati yon tabènak
— yon gwo tant ki te antoure ak
yon kloti — kote Bondye ta kapab
rete ak pèp li a. Se la yo te dwe
adore Bondye. Kolòn nyaj la ak
dife a te montre Bondye
te prezan nan mitan yo.




Lè yo te toupri Kanaran, Moyiz te voye douz espion pou y al gade peyi Bondye te pwomèt pèp li a. Tout espion yo ansanm te di li te bèl anpil ! Men, se te sèlman yo de, Jozye avèk Kalèb, ki te kwè yo te ka genyen peyi a avèk èd Bondye.




Lòt dis espyon yo te pè anpil
poutèt vil yo ki te byen fòtifye
epi yo te genyen gwo jeyan
ladan yo. "Nou p ap kapab
genyen (konkeri)
peyi sa a," yo t
ape chuichui
chuichui.


Yo te bliye gwo
bagay Bondye te fè pou Li te
libere yo anba men peyi Lejip.



Pèp la te suiv dis espyon ki pa te kwè yo. Yo te rele byen fò epi yo te prepare yo pou yo te retounen nan peyi Lejip. Yo te menm eseye touye Moyiz !



Bondye te sove lavi Moyiz. Apre sa, li te di pèp la :
"Pandan karant an, n ap rete ap mache monte
desann nan dezè a. Se sèlman Kalèb, Jozye ak pitit
nou yo k ap viv pou y
antre nan peyi nou
meprize a."



Karant ane

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Egzòd 15 - Nonb 14


"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





12



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

